

**MAKNA SIMBOLIS BANYU TUK PITU ING TRADHISI RUWATAN RRI MADIUN
(Tintingan Folklor)**

AURIA RASTUTI CIPTA
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Maneka warnaning budaya ing masyarakat Jawa sejatine adhedhasar wewujudane nalar-nalar manungsa kang kawujud ing pasrawungan. Kanggo ngawruhi yen nalar iku nganut marang sawijining struktur, prelu dianalisis samubarang perkara lan tumindak minangka wewujudane saka nalar kasebut. Budaya utawa wewujudane nalare manungsa nduweni wujud kang maneka warna. Salah sawijine yaiku ruwatan lan siraman, kang saperangan saka pirantine nggunakake bayu tuk pitu. Kalorone tradhisi kasebut padha-padha nggunakake banyu tuk pitu kang nduweni tujuwan kanggo ngesiki jiwa lan raga saengga bisa nolak sengkala.

Punjere panliten iki yaiku kepriye mitos lan fungsi banyu tuk pitu ing masyarakat Jawa, kepriye daya piguna banyu tuk pitu ing masyarakat Jawa, kepriye wujud lan makna banyu tuk pitu ing masyarakat Jawa, lan kepriye panemune masyarakat bab banyu tuk pitu. Tujuwan panliten iki yaiku ngandharake mitos lan fungsi banyu tuk pitu, ngandharake daya pigunane banyu tuk pitu, ngandharake wujud lan makna banyu tuk pitu, lan ngandharake panemune masyarakat bab banyu tuk pitu ing masyarakat Jawa tlatah Madiun.

Paedahing panliten ngenani makna simbolis banyu tuk pitu ing masyarakat Jawa tlatah Madiun dikarepake supaya nduweni piguna kanggo nglestarekake budaya Jawa, nambah pamawas babagan kawruh budaya Jawa. Saliyane iku uga kanggo njembarake wawasan utawa nintingi bab-bab kang bisa dirembug lan diwedharake ing panliten iki.

Panliten babagan makna simbolis sajrone banyu tuk pitu iki ditintangi kanthi tintingan folklor sipate *deskripsif*. Basa kang digunakake ing panliten iki yaiku basa Jawa. Sumbere data yaiku data saka informan pokok lan informan panyengkuyung. Tata cara ngumpulake data nganggo teknik *observasi*, wawancara, dokumentasi, angket lan nyathet. Babagan teknik analisis data, teknik kang ditrapake ing panliten iki yaiku liwat telung babagan yaiku *open coding*, *axial coding*, lan *selective coding*. Dene tata cara ngandharake asil analisis data ing panliten iki yaiku kanthi cara *informal*, yaiku ngandharake analisis data kanthi nggunakake tetembungan sing lumrah.

Mitos *Banyu Tuk Pitu* kang ana ing masyarakat Jawa minangka *proyeksi* yaiku yen banyu iku minangka piranti resesik awak. Banyu kasebut bisa nggawe saben-saben pawongan kang nandang sukerta, dadi resik utawa digawe suci kanthi cara tradhisi ruwatan lan siraman. Cacah pitu ing *Banyu Tuk Pitu* nduweni makna bisa menahi pitulungan. Banjur asale *Banyu Tuk Pitu* panggonane kudu beda-beda amarga saka saben-saben sumber banyu nduweni tujuwan lan makna kang dhewe-dhewe.

PURWAKA

Maneka warnaning budaya ing masyarakat Jawa sejatine adhedhasar wewujudane nalar manungsa kang kawujud ing urip pasrawungane manungsa. Miturut Ahimsa (2012:76) kanggo ngawruhi yen nalar iku nganut marang sawijining struktur, prelu dianalisis samubarang perkara lan tumindak minangka wewujudane saka nalar kasebut. Budaya utawa wewujudane nalare manungsa nduweni wujud kang maneka warna. Tradhisi ruwatan lan tradhisi siraman ing masyarakat Jawa tuwuh saka

pangrembakane sejarah. Saliyane iku uga ora bisa uwal saka kapercayan masyarakat Jawa ngenani anane sukerta. Sajroning kapustakaan Jawa kuna, nduweni pangerten minangka malapetaka iku padha karo kasengsaran. Tembung mala nduweni arti reged (ora suci) dene petaka nduweni arti ceblok. Dadi malapetaka yaiku keceblokan reged. Sajroning kapustakaan uga negesake mala kang nemplek neng pawongan kudu diresiki, disucikake utawa diruwat.

Miturut Bambang sajrone bukune Suwarni (2002:13), pangertene ruwat utawa

lukat yaiku ngresiki dosa-dosa, reged-reged kang ana ing pawongan amarga pepestening Gusti lan amarga tumindak salah kang disangaja utawa ora sengaja. Salah sawijine sarana kang kudu ana ing tradhisi ruwatan yaiku nggunakake *Banyu Tuk Pitu*. Banyu iku asale saka pitung sumber kang nduweni makna dhewe-dhewe ing saben sumber. Sajrone tradhisi siraman kang ana ing Madiun uga nggunakake *Banyu Tuk Pitu* kasebut. Kaloro tradhisi kasebut padha-padha nggunakake *Banyu Tuk Pitu* kang nduweni tujuwan supaya resik jiwa lan raga saengga bisa nolak sengkala. *Banyu Tuk Pitu* kang dadi objeke panliten ing kene minangka salah sawijining tradhisi lisan kang wis ngrembaka ing masyarakat Jawa tlatah Madiun. Sajrone tradhisi lisan *Banyu Tuk Pitu* klebu ing jinise mitos, amarga *Banyu Tuk Pitu* dipercaya nduweni kakuwatan dening masyarakat Jawa tlatah Madiun. Ing masyarakat Jawa khusus tlatah Madiun, *Banyu Tuk Pitu* digunakake kanggo salah sawijining piranti sajrone tradhisi-tradhisi kang nggunakake piranti banyu, kayata siraman lan ruwatan.

Folklor minangka budaya lisan utawa tradhisi lisan. Budaya miturut Larry A. Samovar lan Richard E kang dikutip Liliweri (2003:9) ngandharake kabudayan nduweni arti simpanan *akumulatif* saka kawruh, pengalaman, kapercayan, nilai, sikap, makna, hirarki, agama, pilihan wektu kang diduweni lan dipertahanake karo generasi. Tradhisi ora ilang ing jaman moderen. Tradhisi lisan kang ngrembaka ing Indonesia isih ana kayata carita saka omongan ngenani salah sijine prastawa, legenda, lan mitos.

Tujuwan panliti nganalisis makna lan simbol *Banyu Tuk Pitu* yaiku supaya masyarakat Jawa mangerteni artine lan gunane banyu tuk pitu. Panliti nganalisis *Banyu Tuk Pitu* ing Madiun kanggo ngrampungake pungkasan kuliah kanthi irah-irahan "*Makna Simbolis Sajrone Banyu Tuk Pitu ing Tradhisi Ruwatan RRI Madiun*".

Gegayutan karo andharan kasebut, underaning panliten iki, yaiku (1) Kepriye mitos lan fungsi *Banyu Tuk Pitu ing Masyarakat Jawa*, (2) Kepriye Daya Pigunane *Banyu Tuk pitu* ing Masyarakat Jawa, (3) Kepriye Wujud lan Makna *Banyu Tuk Pitu* ing Masyarakat Jawa, lan (4) Kepriye panemu Masyarakat Bab *Banyu Tuk Pitu* ing Masyarakat Jawa.

Adhedhasar underaning panliten kasebut kadudut ancasing panliten, yaiku (1)

Kanggo ngandharake mitos lan fungsi *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Jawa, (2) Kanggo ngandharake daya pigunane *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Jawa, (3) Kanggo ngandharake wujud lan makna *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Madiun, (4) kango ngandharake panemu masyarakat bab *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Jawa.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah. Panliten kasebut nduweni paedah, yaiku (1) Kanggo nglestarikake utawa nguri-nguri budaya Jawa, (2) Kanggo nambah pamawas babagan kawruh budaya Jawa, (3) Kanggo nambah dokumentasi, lan (4) kanggo njembarake wawasan utawa nitingi bab-bab kang bisa dirembug lan diwedharake ing panliten iki.

Adhedhasar jlenterahan kasebut panliti menehi watesan ngenani jlentrehan ing aspek bentuk lan makna kang ana ing sajrone *Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu ing Tradhisi Ruwatan Madiun*. Saliyane iku panliti uga menehi watesan metodologi gegayutan karo sumber data lan data panliten, pangumpulane data, lan analisis data.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten saemper kang ngrembuk ngenani tradhisi, yaiku Panliten kang ditindhakake dening Dewi Novita Sari mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa lan sastra Daerah (Jawa) kanthi irah-irahan "*Makna Simbolis Sajrone Tradhisi Bersih Desa Ing Madiun*" taun 2012. Sajroning panliten, diandharake ngenani makna lan simbol kang ana ing tradhisi bersih desa. Dewi Novita Sari uga ngandharake mula bukane lan makna simbolis sajrone ubarampe Tradhisi Bersih Desa Ing Madiun.

Konsep Kabudayan

Budaya minangka produk lan proses kang ngandhut nilai kultural, norma, lan asil cipta manungsa. Endraswara (2006:22) ngandharake kabudayan diperang dadi telung tingkatan dimensi, yaiku (1) dimensi kognitif (budaya cipta) kang sipate abstrak, arupa gagasan-gagasan manungsa, kawruh ngenani urip, pamawase wong urip lan wawasan, (2) dimensi evaluatif tegese gayut klawan nilai-nilai lan norma ing kabudayan, kang ngatur sikap lan tumindhake manungsa sajrone kabudayan lan nuwuhake etika budaya, lan (3) dimensi simbolik arupa interaksi uripe manungsa lan simbol-simbol kang digunakake sajrone kabudayan.

Koentjaraningrat (1984:5) ngandharake

kabudayaan nduweni telung wujud yaiku: (1) wujud kabudayaan minangka sawijine kompleks saka ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma, lan aturan, (2) wujud kabudayaan minangka sawijine kompleks klakuan kang nduweni pola saka manungsa sajroning masyarakat, (3) wujud kabudayaan minangka piranti-piranti asil karyaane masyarakat.

Konsep Kapercayan

Tembung kapercayan sacara semantik artine kayakinan kang nyata, tuladhane kapercayan marang dewa-dewa, roh-roh nenek moyang nyata ana. Miturut Liyas, Motholib lan Ghofur (1988:11) ngandharake kapercayan yaiku asring masyarakat ngarani percaya anane Tuhan adhedhasar asil cipta, rasa lan karsa. Kapercayan utawa asring disebutake *takhayul* yaiku kapercayan kang miturute wong manca dianggep sederhana, ora ana dhasar logika, saengga sacara ilmiah ora bisa dipertanggungjawabne. Gegayutane karo tembung takhayul ngandung arti hina, mula saka iku ahli folklor modern luwih seneng nggunakake kanthi istilah kapercayan rakyat (*folk belief*). Takhayul miturut Poerwadarminta (1976:996) ditegesi samubarang kang asipat kayal utawa ora nyata.

Gegayutan takhayul yaiku wujud omongan tradhisional, mula saka iku kalebu ing sajroning folklor. Miturut Wayland (sajroning Danandjaja (1984:155) nggolongake takhayul dadi papat golongan yaiku; (1) takhayul ing kahanan sakitare urip manungsa, (2) takhayul ngenani alam gaib, (3) takhayul ngenani kaciptane ndunyo lan saisine, (4) jenis takhayul liyane.

Konsep Folklor

Folklor yaiku saperangan kabudayaan kang kasebar lan diwarisake kanthi cara turun tamurun (Danandjaja, 1984:2). Folk yaiku sakelompok pawongan kang nduweni ciri-ciri fisik, sosial, lan kabudayaan. Lore yaiku saperangan kabudayaan kang diwarisake sacara turun tamurun kanthi cara lisan. Dadi folklor minangka asil saka ngrembakane kabudayaan ing warga kang diwarisake kanthi cara lisan utawa tulis, biasane disengkuyung klawan gerak isyarat.

Wujuding folklor miturut Danandjaja (1984:21) dibedakake dadi telu, yaiku (1) folklor lisan, (2) folklor separo lisan, lan (3) folklor dudu lisan. Kabudayaan miturut Taylor (sajroning Danandjaja, 1984:6) yaiku kasatuwan kang kaperang saka kawasisan, kapercayan, seni, moral, hukum, adat istiadat lan sakabehing kang ana saben pawongan ing

anggota bebrayan. Wujud kabudayaan miturut Koentjaraningrat (1987:5), yaiku (1) wujud kabudayaan kang dadi bageyan saka ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma, aturan-aturan, lan sapiturute, (2) wujud kabudayaan kang dadi salasawijining tumindhak saka manungsa ing sajrone bebrayan, lan (3) wujud kabudayaan kang dadi saka piranti-piranti asil karya bebrayan.

Konsep Semiotik lan Simbol

Moleong (2012:279) ngandharake semiotik ana kaitane utawa gayutane karo makna saka tandha lan simbol sajroning basa. Teeuw (1984:47) ngandharake semiotik minangka ilmu ngenani tandha.

Luxemburg (**Error! Hyperlink reference not valid.** diakses tanggal 25 Maret 2013) ngandharake semiotik iku nyinaoni tandha-tandha lan lambang-lambang. Dadi semiotik ilmu kang ana gegayutane karo tandha lan lambang. Miturut Noerhadi (1933:1) (diakses tanggal 25 Maret 2013 http://respository.upi.edu/operator/upload/t_b_i_nd.078532_chapter2.pdf) ngandharake tembung semiotik asale saka basa Yunani yaiku *semion* kang nduweni tegese tandha. Semiotik yaiku cabang ilmu kang ana gegayutane klawan *pengkajian* tandha, padha klawan sistem tandha lan proses kang nggunakake tandha. Simbol minangka *pengenal* kanggo mangerteni ananing samubarang kang nduwani wujud salah sawijining yaiku arupa banyu kang arupa simbol kasucian lan panguripan. Miturut Soekanto (1983:178) ngandharake yen simbol minangka piranti kanggo mratelakake barang kang nduweni wujud saka tumindake manungsa.

Konsep Hermeneutik

Hermeneutik miturut Moleong (2012:277) landhesan filosofi lan modus analisis data. Minangka filosofi ing pemahamane manungsa, hermeneutik yaiku upaya kanggo nggawe jelas, nggawe samubarang nduweni makna salah sawijine objek panliten. Endraswara (2009:153) ngandharake sacara kronologis hermeneutika digunakake manungsa kanggo ngranggeh makna kang ana ing walike mitos lan simbol.

Konsep Religi

Herusatoto (1984: 24-25) pedoman marang perangane konsep kang dirembaka karo Emile ngenani dhasar-dhasar religi yaiku; (1) emosi kaagamaan, (2) sistem kapercayan kang ngandhut kayakinan sarta ayang-ayange manungsa ngenani sifa-sifat Tuhan, sarta

ngenani wujud saka alam gaib (*supranatural*), (3) sistem upacara religius kang nduweni tujuwan kanggo nggoleki gayutane manungsa karo Tuhan, Dewa-dewa utawa roh, (4) kalompok-kalompok religius utawa kasatuwan-kasatuwan sosial kang nganut sistem kapercayan.

Konsep Fungsi

Dundes kang dikutip Sudikan (2001:100) ngandharake kang jarwane ana limang fungsi folklor yaiku (1) kanggo ngraketate rasa solidharitas bebarengan, (2) minangka piranti kanggo mbenerake masyarakat, (3) menehi cara kang dibenerake masyarakat, (4) minangka piranti mrotos keadilan masyarakat, (5) minangka piranti kang nyenengake saka donya kang nyata bisa ngowahi pakaryan kang bisa menehi dadi pangrasa kang nyenengake.

Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori minangka cara ngolah lan nganalisis data. Wujud folklor diandharake nganggo teorine Danandjaja (1984:1), folklor ateges saperangan kabudayan *kolektif* kang sumebar lan diwarisake turun-temurun kanthi cara lisan lan gerak sayarat. Wujud folklor diperang dadi telu yaiku (1) folklor lisan yaiku folklor kang wujud nyata lisan kayata basa rakyat, guritan, nyanyian rakyat. (2) folklor setengah lisan yaiku wujud campuran unsur lisan karo unsur dudu lisan, kayata kayakinan bebrayan, tarian rakyat, upacara, lsp. (3) folklor dudu lisan yaiku folklor kang wujud dudu lisan nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lisan, kayata arsitektur rakyat. Wujud banyu tuk pitu kalebu folklor setengah lisan.

Kanggo napsirake makna simbol-simbol ing banyu tuk pitu kang ana ing masyarakat Jawa nggunakake teori semiotik. Herusatoto (1984:98) ngandharake wujud tumindhak simbolis wong Jawa dikelompokake dadi telu kelompok yaiku: (1) tumindhak simbolis jroning religi, (2) tumindhak simbolis jroning tradisi, lan (3) tumindhak simbolis jroning seni. Masyarakat Jawa nglakoni prastawa penting sajroning uripe mesthi ora uwal saka tumindhak simbolis. Koentjaraningrat (1984:428) ngandharake unsur-unsur kabudayan kang paling katon yaiku *sistem klasifikasi* simbolik masyarakat Jawa, yaiku basa lan komunikasi, seni lan kasusastran, keyakinan, agama, ritual, ngelmu gaib sarta pirang-pirang pranata sajroning organisasi sosiale.

Lingkungan simbolik bisa kacipta

adhedhasar komunikasi kang sajrone ana maneka warna makna. Kuntowijoyo (1987: 66) ngandharake kabeh kang ngemot makna lan komunitas, kayata tembung, basa, mite, nyanyian, seni upacara, tingkah laku, alat-alat, konsep-konsep lan liya-liyane.

Fungsi banyu tuk pitu nggunakake teorine Bascom. Danandjaja (1984:19) ngandharake ana patang fungsi folklor, yaiku (1) minangka *sistem proyeksi* yaiku minangka sarana kacabenggaling angen-angen *koleksi*, (2) sarana ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, (3) sarana pendhidhikan, lan (4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya aturan bebrayan tetep bisa diugemi.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Supaya bisa oleh data lan andharan kanthi cetha ngenani panliten kasebut mbutuhake ancangan lan metode panliten. Metode yaiku cara kang wis ditata lan kanggo nuju sawijining karep ngelmu kawruh lan sapanunggalane. Perkara kasebut ana gayutane karo panliten kasebut nggunakake ancangan kualitatif dheskriptif.

Hutomo (sajroning Sudikan 2001:85) ngandharake yen panliten kualitatif kang asipat dheskriptif yaiku nyathet kanthi tliti sakabehing kadadayan kang dideleng lan diprungu sarta diwaca kanthi sarana wawanrembug, cathetan lapangan, photo, vidio, dokumen, memo, lan sapanunggalane. Dene Kualitatif deskriptif miturut Hutomo (sajroning Sudikan 2001:85) yaiku tatacara panliten kang ngasilake data deskriptif arupa tetembungan kanthi wujud lesan utawa tulisan saka pawongan lan tumindak kang tliti.

Objek lan Papan Panliten

Supaya bisa mangerteni babagan *Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu Ing Tradhisi Ruwatan RRI Madiun* kanthi cetha, mula ditemtokake objek lan papan panliten. Objek panliten kasebut yaiku *Banyu Tuk Pitu*. Papan panliten kasebut ana ing tlatah Madiun.

Data lan Sumber Data

Sumber data bisa antuk saka informan. Informan yaiku sapa wae kang bisa menehi katrangan utawa informasi ngenani obyek panliten. Informan sajrone panliten kasebut bisa diperang dadi loro, yaiku informan pokok lan informan tambahan.

Tetengere kanggo nemtokake informan pokok miturut Sudikan (2001:91), yaiku (1) informan nduweni pengalaman pribadhi padha

karo masalah kang ditliti, (2) yuswane informan wus dhewasa, (3) informan sehat jasmani lan rohani, (4) informan nduweni sifat netral, (5) informan minangka tokoh masyarakat, (6) informan nduweni kawruh kang rowa ngenani perkara kang ditliti. Sajrone panliten iki kang dadi informan pokok, yaiku bapak Sujoto Trilaksono minangka pawang upacara tradisi ruwatan, bapak Supriyanto minangka ketua pelaksana ruwatan masal, bapak Bandi minangka dhalang ruwat, Ibu Sukethi, lan Ibu Anik Supriyani minangka perias. Pamilihan informan pokok kasebut adhedhasar kawruh informasi kang bener-bener ngerti ngenani banyu tuk pitu.

Informan tambahan uga digunakake sajrone panliten iki. Informan tambahan biasane digunakake kanggo nyengkuyung panliten kasebut. Kang dadi informan pendukung sajrone panliten kasebut masyarakat kang ana ing Madiun, mligine masyarakat kang mangerteni bab sumber banyu.

Data yaiku asil utawa kumpulane cathetan panliti. Data sajrone panliten kalebu bab kang wigati. Anane data bisa dadi bahan kang luwih ditengenake nalika nindakake sawijine panliten. Panliten Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu Sajrone Masyarakat Jawa Tlatah Madiun datane arupa data lisan. Data lisan yaiku data asil wawancara lan rekaman panliti karo informan kang ana gayutane karo Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu Sajrone Masyarakat Jawa.

Tatacara Nemtokake Instrumen Panliten

Makna simbolis banyu tuk pitu kalebu panliten lapangan. Panliten kasebut mbutuhake instrumen panliten kanggo nyengkuyung data asiling panliten. Instrumen panliten yaiku panliti dhewe. Nalika nindhakake panliten mbutuhake piranti-piranti, yaiku (1) *Kamera Digital* kanggo njupuk gambar, (2) *Handphone* kanggo ngrekam nalika wawancara, (3) Daftar pitakonan kanggo wawancara, (4) Buku cathetan lan bulpen, lan (5) Lembar angket.

Tatacara Nglumpukake Data

Tatacara nglumpukake data ing panliten kasebut nggunakake metode kualitatif yaiku : *teknik observasi*, *teknik wawancara*, lan *teknik dhokumentasi*.

Teknik Observasi

Observasi yaiku pengamatan kanthi sistematis marang pratandha-pratandha kang ditliti. Miturut Maryaeni (2005:68) *observasi* digayutake karo upaya nintingi perkara, lan digayutake karo kasunyatan ing lapangan.

Arikunto (2006:107) ngandharake yen panliten kang sumber datane awujud barang, mobah mosik utawa proses sawijining pengamatan adhedhasar objek lan panggonan panliten. Anane data bisa dadi bahan kang luwih ditengenake nalika nindakake sawijining panliten. Sudikan (2001:86) merang teknik observasi dadi loro, yaiku observasi kanthi cara langsung lan observasi kanthi cara ora langsung.

Panliti nggunakake teknik *observasi* kanthi cara langsung amarga ngamati langsung ing lapangan. Kanthi *observasi* langsung iki panliti bisa antuk data kang luwih jangkep.

Teknik Wawancara

Maryaeni (2005:70) ngandharake Wawancara minangka salah sawijining cara ngumpulake data lumantar pacelathon lesan bisa ditindhakake kanthi *terstruktur*, *semi terstruktur*, lan ora *terstruktur*.

Ing panliten kasebut nggunakae wawancara kang asipat *semi terstruktur*. Panliti sadurunge wis nyiapake pitakonan-pitakonan lan ana pitakonan kang tuwuh nalika nganakake wawancara. Kanthi teknik wawancara kasebut panliti bisa lancar anggone wawancara marang informan. Bab-bab kang kudu dilakoni sajroning nindakake wawancara, yaiku (1) nyiapake pitakonan kang arep ditakokake, (2) panliti nekani informan, (3) panliti nglasanakake wawancara kang direkam nganggo handphone, (4) nyathet bab-bab kang wigati lan wangsulan kang diwenehake informan saka asil wawancara, lan (5) panliti njupuk gambar kang ana gegayutane karo obyek panliten nganggo kamera.

Teknik Dokumentasi

Teknik dhokumentasi ora kalah penting saka teknik-tenik liyane. Miturut Arikunto (2006:231) teknik dhokumentasi yaiku nggoleki data ngenani bab-bab utawa variabel kang arupa cathetan, transkrip, buku, koran, majalah, prasasti, notulen rapat, lengger, agenda, lan liya-liyane. Teknik dhokumentasi sumber datane isih tetep utawa ora bakal owah yen ana kang keliru. Pangumpulan data kang digunakake teknik dhokumentasi kasebut tujuwane kanggo golek data *visual* lan kanggo njupuk poto supaya bisa nggampangake panliti anggone ngandharake data.

Lembar Angket

Angket yaiku piranti kanggo ngumpulake data kang arupa daftar pitakonan kanggo *responden* supaya dijawab kanthi tinulis. Riyanto (2007:74) merang jinise angket dadi loro, yaiku (1) Angket langsung lan ora

langsung. Angket langsung yaiku jinis angket kang dikirim langsung marang pawongan kang dijaluki panemune. Angket ora langsung yaiku angket kang dikirim pawongan kang dijaluki panemune ngenani kahanane wong liya.(2) Angket binuka lan tinutup. Angket binuka tinutup yaiku jinis angket kang pitakon-pitakone mbutuhake jawaban bebas saka *responden*. Angket tinutup yaiku jinis angket kang jawaban-jawabane arupa jawaban pilihan lan wis disiapake. Panliten kasebut nggunakake jinis angket tinutup amarga *wujude kuisioner pilihan ganda*.

Teknik Analisis Data

Tatacara nganalisis data kang kakumpulake nggunakae analisis deskriptif kualitatif. Teknis analisis miturut Sudikan (2001:85) deskripif kualitatif yaiku tatacara ngonceki data kanthi nggunakae tetembungan dudu angka kang bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar data kang diantuki saka subjek kang ditliti.

Sajroning panliten kualitatif, analisis data dilakoni awit ngumpulake data nganti panulisan asiling panliten. Ing panliten kasebut Sudikan (2001:80) ngandharake anggone nganalisis data liwat telung babagan yaiku:

- 1) *Open Coding* yaiku panaliti golek data kang jangkep ngenani tradhisi-tradhisi kang ana gayutane marang banyu tuk pitu.
- 2) *Axial Coding* yaiku panaliti merang data-data kasebut adhedhasar kategori.
- 3) *Selective Coding* yaiku panaliti nggolongake proses pamriksan kategori inti kang gegayutan karo kategori liyane supaya bisa kajupuk dudutan.

Kanggo nganalisis data ing panliten iki yaiku: (1) transkrip ngenani data banyu tuk pitu saka asil nglumpukake data, (2) *identifikasi* ngenani wujud, fungsi, lan kalungguhane *Banyu Tuk Pitu* marang masyarakat, (3) klasifikasi data, yaiku data kang ana diklasifikasikake utawa digolong-golongake, (4) data kang wis digolong-golongake banjur dianalisis lan (5) dudutan ngenani wujud, fungsi, lan kalungguhane *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Kahanan Kutha Madiun

Katilik saka papan panggonan utawa wilayahe, Kutha Madiun wewatesan langsung karo kabupaten Madiun ing sisih elor, sisih kidul karo kecamatan Geger (Kabupaten Madiun), sisih wetan karo Kecamatan Wungu (Kabupaten Madiun), lan sisih kulon karo

Kecamatan Jiwan (Kabupaten Madiun). Kutha Madiun nduweni amba kurang luwih 33,23 Km², kaperang dadi telung kecamatan, yaiku kecamatan Manguharjo, kecamatan Taman, lan kecamatan Kartoharjo. Kanthi ambane kecamatan Manguharjo 10,04 Km², kecamatan Taman 12,46 Km², lan kecamatan Kartoharjo 10,73 Km². Saben-saben kecamatan ana 9 kelurahan saengga ana 27 kalurahan ing kutha Madiun.

Cacahe Pendhudhuk

Adhedhasar data dinas kependhudhukan lan catatan sipil kutha Madiun, cacahé pendhudhuk kutha Madiun yaiku 202.087 jiwa. Wong priya ing kutha Madiun iki cacahé ana 98.976 jiwa lan wong wanita 103.111 jiwa. Pendhudhuk Kutha Madiun luwih akeh pendhudhuk wanita tinimbang pendhudhuk priya.

Pendhidhikan Pendhudhuk

Pendhidhikan kagolong faktor sosial kang nduweni pangaribawa kang gedhe. Wujud pendhidhikan ing Indonesia ana loro yaiku, pendhidhikan *formal* lan pendhidhikan *non formal*. Pawongan kang nduweni pendhidhikan dhuwur biyasane ing bebrayan oleh pakurmatan kang luwih dhuwur, tinimbang pawongan kang ora nduweni pendhidhikan dhuwur. Pendhidhikan uga bisa nemtokake *status sociale* pawongan ing masyarakat. Saliyane iku, pendhidhikan uga ndadekake pola pikire manungsa luwih maju.

Pendhidhikan ing Kutha Madiun wis kagolong maju tinimbang ing jaman biyen. Kahanan kaya mangkono iku amarga kesadharane masyarakat kang wis gelem nyekolahake anak-anake, lan nganggep yen pendhidhikan kuwi penting kanggo kemajuan. Masiya ana wong kang ora sekolah utawa ora lulus Sekolah Dasar biyasane kuwi pawongan kang nduweni umur wis tuwa. Amarga ing jaman biyen miturute pendhudhuk anane pendhidhikan ora penting lan ora ana gunane.

Pangupajiwa

Pendhudhuk Kutha Madiun *akeh-akehe* nduweni pangupajiwa minangka swasta, nanging uga isih ana pangupajiwa liyane. Andharan luwih gamblang bakal diandharake kaya ing tabel ngisor iki.

Tabel 5: Pangupajiwa Pendhudhuk

No.	Jinis Pangupajiwa	Cacahe Wong
1.	Tani	19.619
2.	Buruh tani	22.905
3.	<i>Tenaga Kerja</i>	8.931

	Indonesia (TKI)	
4.	Pegawai Negeri Sipil	10.937
5.	Peternak	3.916
6.	Bidan	9.730
7.	Swasta	27.396
8.	wiraswasta	3112
9.	Perawat	8.471
10.	TNI/POLRI	15.490
11.	Montir	3.307
12.	Pengrajin/industri rumah tangga	16.498
13.	Tukang becak	7.096
14.	Tukang cukur	5.118
15.	Tukang kayu/batu	17.495
16.	Pensiunan PNS/TNI/POLRI	8.649
17.	Sopir	8943
18.	Jasa pengobatan alternative	597
19.	Tidak Bekerja	3877
Cacahe Wong		202.087

Sumber: Dispendukcapil, 2012

Kanthe anane data kasebut, bisa dimangerteni yen pangupajiwa pendhudhuk Kutha Madiun maneka warna. Tabel kasebut nuduhake pangupajiwa kang paling akeh yaiku minangka buruh tani, dene liyane minangka tani, TKI, pengrajin industri rumah tangga, tukang kayu/batu lan liyane. Pangupajiwa kang maneka warna kasebut mratandhani yen pendhudhuk Kutha Madiun kalebu mapan lan perekonomiane bisa diarani cukup *sejahtera* kanggo nyukupi kabutuhan uripe.

Kapitayan utawa Agama

Akeh-akehe pendhudhuk Kutha Madiun nganut agama Islam. Kanggo nyengkuyung ngibadahe pendhudhuk, ing Kutha madiun dibangun Mesjid-mesjid lan Mushola ing saben lingkungan, Greja, sarta papan ngibadah liyane.

Cacahe pendhudhuk kang nganut agama Islam luwih akeh tinimbang agama liyane. Pendhudhuk ing Kutha Madiun akeh-akehe nganut agama Islam abangan lan sisane agama Islam santri, saengga pendhudhuk Kutha Madiun ora ninggalake warisan leluhur minangka sarana kanggo ngleluri budaya Jawa.

Pendhudhuk Kutha Madiun ana kang nganut agama Kristen cacahe ana 1571 wong. Banjur pawongan kang nganut agama Katolik kacathet ana 1013 wong. Pawongan kang nganut agama Hindhu kacathet ana 736 wong. Saliyane iku, ing Kutha Madiun uga ana pawongan kang nganut agama Budha lan

Konghuchu cacahe ana 124 lan 76. Ing Kutha madiun uga ana pawongan kang ora nduweni agama kang cetha, kacathet ana 30 wong. Wong kang ora nduweni agama kang cetha diarani golongan *Kepercayaan kepada Tuhan YME*. Golongan kasebut luwih nengenake animisme lan dinamisme kang percaya marang barang ghaib.

Gayutan Masyarakat klawan Tradhisi Ruwatan

Kutha Madiun yen dideleng saka kahanan alam lan kahanan bebrayane kalebu kutha kang maju. Kahanan alame kalebu subur, saengga cocok kanggo olah tetanen. Dene kahanan bebrayane bisa diarani maju, kayata pendhudhuke wis mapan lan perekonomiane bisa diarani cukup *sejahtera*. Kahanan kasebut bisa menehi pangaribawa tumrap panguripan sosial lan budaya sajroning urip bebrayan ing Kutha Madiun.

Kutha Madiun minangka salah sawijining Kutha kang isih ngleluri kalestarian budaya Jawa. Kabukten masyarakat isih nindakake tradhisi Jawa kayata Ruwatan lan Siraman. Babagan liya kang nyengkuyung yaiku agama lan kapitayan kang diugemi dening pendhudhuk. Pendhudhuk ing kutha Madiun paling akeh nganut agama Islam. Ing kutha Madiun uga ana kang nganut agama Kristen, Katolik, Hindu, Budha, lan konghuchu. Saliyane iku uga ana pawongan kang ora nduweni agama kang cetha utawa diarani golongan *Kepercayaan kepada Tuhan YME*. Golongan iki luwih nengenake animisme lan dinamisme kang percaya marang barang ghaib lan makhluk alus. Mula saka iku, masyarakat tetep ngleluri warisan leluhur minangka sarana kanggo nglestarekake budaya Jawa.

Mitos Banyu Tuk Pitu ing Masyarakat Jawa

Saperangan masyarakat Jawa, percaya yen angka pitu nduweni makna tartamtu. Kapercayan kasebut tuwuh saka pakulinan lan pamikiranane masyarakat. Bab kasebut dipercaya masyarakat wiwit biyen nganti saiki. Mula akeh masyarakat kang nindakake pakulinan kang ana gegayutane karo angka pitu. Kabeh mau diandharake pethikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Wong Jawa ki nduweni kapercayan neng angka pitu. Apa wae tradhisi kang ana ing Jawa, mesthi enek hubungane karo angka pitu. Contone ya akeh. Banyu pitung sumber. Lho ya pitu.

Mbombot pitung sasi. Pitu neh ta. Ijik akeh conto-conto liyane. Wong Jawa nggawe angka kuwi mesthi enek tujuwane. Enek maknane. Ora mungkin ujug-ujug nggawe angka pitu. Mesthi enek maksud dan tujuane. Angka pitu kang kasirat kuwi mau, terus diturunke neng anak putune. Dadi mendarah daging maknane angka pitu nganti saiki. Mulane angka pitu dadi angka sing fenomena.” (wawancara Supriyanto, 12 Januari 2013)

Pethikan wawanrembug kasebut nuduhake yen angka pitu yaiku angka kang nduweni makna tartamtu. Kaya dene babagan sajen, ritual lan sapanunggalane sajrone masyarakat Jawa mesthi ana gegayutane karo angka pitu. Tuladha liyane, kayata pitung sumur, ngandhut pitung sasi, bayi umur pitung sasi lan sapanunggalane. Makna kasebut wis ana wiwit jaman biyen, mula wis rumasuk sajrone pamikiran lan panguripan masyarakat Jawa. Saliyane iku uga ana saperangan bab kang nuduhake kaluwihan angka pitu. Kaya dene pethikan ing ngisor iki.

“Angka pitu ki lek neng Jawa angka ora sembarang angka. Neng Jawa saben enek wong meteng pitung sasi mesthi dislameti, didusi ya ta. Terus bayi pitung sasi pitung dina barang. Banyu pitung sumber, digawe siraman ruwatan utawa tradhisi-tradhisi Jawa liyane. Terus enek neh neng Islam surat sing pertama turun Al-Fatihah jumlahe ayat ya pitu. Timbulnya atau adanya angka pitu ki mesthi enek tujuwane. Mbah-mbah biyen utawa nenek luhur kita mesthi nduweni alasan nyapo kok angka pitu. Ora mungkin ujug-ujug timbul tradhisi Jawa sing nggunakake angka pitu. Mesthi enek tujuwane, wis mesthi wi”. (wawancara Supriyanto, 12 Januari 2013)

Pethikan kasebut ngandharake yen angka pitu ora samubarang angka. Wong Jawa ora bisa uwal saka angka kasebut. Kaya dene wong meteng pitung mesthi ditengkepi, banjur anane slametan bayi pitung sasi lan pitung dina, tradhisi kang nggunakake banyu pitung sumber lan liya-liyane. Saliyane kuwi adhedhasar aspek agama Islam uga nduweni pralambang tartamtu. Tuladhane kaya ana ing surat kang sepisanan mudhun ing donya yaiku surat Al-Fatihah. Surat kasebut cacahé ana

pitung ayat. Sabanjure nalika nindakake haji, ngubengi kabah pitung puteran lan sapanunggalane. Sajrone dina, seminggu mesthi ana pitung dina. Tuladha-tuladha kasebut kang ngandharake yen angka pitu nduweni makna kang kasirat sajrone panguripane masyarakat Jawa.

Saliyane kasirat sajrone panguripane masyarakat Jawa, angka pitu nduweni makna liya yen disawang saka tembungé. Tembung pitu yen oleh ater-ater lan panambang bisa dadi pitulungan. Tembung pitungan nduweni gegayutan antarane manungsa lan Gustine. Andharan luwih cetha bisa disemak saka pethikan ing ngisor iki.

“Dalam bahasa Jawa tujuh itu dikenal dengan nama pitu. Pitu iki ana kaitane karo konsep pitulungan. sehingga apa saja yang diikatkan dengan angka pitu nduwenni makna bahwa kita meminta pertolongan, nyuwun pitulungan, atau memohon kepada tuhan untuk pertolongannya. Kayata dalam Islam, surat sing pertama Al-Fatihah enek 7 ayat. Kalimat Syahadat sendiri memiliki 7 kata. Dalam 1 minggu terdapat 7 hari”. (wawancara Supriyanto, 12 Januari 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut masyarakat Jawa angka pitu nduweni teges pitulungan. Apa wae kang ana gegayutane karo angka pitu nduweni makna njaluk pitulungan marang Gusti kang Maha Kuwasa. Ateges, tembung pitu bisa mbabarake teges pitulungan saka Gusti kang Maha Kuwasa nalika nindakake panguripan lan supaya mulya urip ing ndonya lan akhirat.

Mitos Banyu Tuk Pitu ing masyarakat Jawa mligine tlatah Medion isih dipercaya dening masyarakat. Mitos sajrone ruwatan nuduhake yen saperangan masyarakat Jawa isih percaya marang kakuwatanne banyu kasebut. Mula ora kabeh sumber banyu bisa digunakake kanggo banyu tuk pitu. Kaya dene pethikan ing ngisor iki.

“Saperangan masyarakat Jawa percaya karo banyu pitung sumber sing digawe ruwatan. Banyu sing pertama kuwi saka Pancuran Lanang. Banyu sing digawe ruwatan Pancuran Lanang kuwi manggone ana ing Nganjuk. Banyu saka Segara Kidul. Sebagian masyarakat lek percaya ta neng kana ki panggonan ratune Nyi Roro Kidul. Banyu saka Gunung Lawu, jenenge

Sendhang Drajat. Sumber naga, terus saka Kresek, Sendhang Panguripan, terus sing terakhir banyune RRI dhewe. Njupuk saka sumure sing diduweni karo RRI". (wawancara Supriyanto, 12 Januari 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut, nuduhake yen banyu kang digunakake nalika ruwatan ing Madiun njupuk saka sumber Pancuran Lanang, sumber banyu saka Segara kidul, sumber banyu saka Sendhang Drajat kang ana ing Gunung Lawu, sumber banyu saka Sendhang Sumber Naga, sumber banyu saka Kresek, sumber banyu saka Sendhang Panguripan ing Kuncen Madiun, lan sumber banyu saka sumure RRI. Sumber-sumber banyu kasebut minangka sumber kang beda karo sumber liyane. Sumber kasebut nduweni kakuwatan kang dipercaya dening masyarakat ing tlatah Madiun.

Sumber banyu kasebut ora bisa diganti karo banyu liyane. Bab kasebut disebabake saben sumber kasebut nduweni kakuwatan supranatural dhewe-dhewe. Kakuwatan kasebut dipercaya masyarakat wiwit biyen. Kapaercayan kasebut adhedhasar mula bukane sumber utawa nduweni mitos tartamtu. Andharan luwih cetha ing ngisor iki.

"Banyu pitung sumber sing digawe ruwatan ing RRI iki ora oleh diganti karo banyu liyane. Sebabe kok gak oleh diganti merga miturut dhalang ruwate RRI banyu pitung sumber kaya Pancuran Lanang, Sendhang Derajat, lan sapanunggalne kuwi kan wis nduwe kekuwatan dhewe-dhewe ta, nalika didadine siji banyu pitung sumber kuwi bisa nduweni kekuwatan yang lebih besar lebih kuwat. Lha merga luwih gedhe kekuwatane kuwi bisa kanggo mbuwang sukerta. Dadi banyu sing wis didadine siji kuwi bisa nglawan jin-jin sing nggawa sial mau". (Supriyanto, 12 Januari 2013)

Andharan kasebut njlentrehake yen banyu kasebut didadekake siji, nduweni kakuwatan supranatural kang gedhe banget. Bisa nduweni kakuwatan kang gedhe banget amarga kakuwatan saben sumber didadekake siji banjur diwadahi genthong, saengga dadi panggon tempukane kabeh kakuwatan supranatural. Saliyane kuwi, mitose Banyu Tuk Pitu bisa menahi kaluwihan apa wae kang becik sajrone masyarakat Jawa kang

diruwat.

Banyu Tuk Pitu sajrone tradhisi ruwatan uga bisa nekakake mala. Mala kasebut tuwuh mligine sajrone panguripane pawongan kang diruwat. Memala bisa tuwuh nalika diruwat ora nggunakake banyu kang cacahé pitu. Andharan luwih cetha kaya dene pethikan iki.

"Lha sumber-sumber kuwi ora oleh diganti karo sumber liyane. Banyu kuwi ora oleh diganti karo banyu liyane. Kuwi engko lek diganti siji wae sumbere, ora malah ilang sukertane neng malah nekakne mala. Walah..kok banyune. Sumure beda, wong sajen kurang wae jin-jine wis padha ngamuk lho. Apa maneh mung nggawe nem sumur piye awakmu ki. Mbah mbahe ya nesu ta ya...". (wawancara Supriyanto, 12 Januari 2013)

Pethikan wawanrembug kasebut uga negesake yen *Banyu Tuk Pitu* ora bisa diganti karo sumber liya. Yen banyu kasebut diganti pranyata bisa ndadekake memala kanggo pawongan kang diruwat. Amarga kapercayan masyarakat tumrap sumber-sumber kasebut wus ana wiwit biyen. Saliyane kuwi, gegayutan karo cacahé sumber lan kurang luwihe sesajen uga dadi kawigaten wong kang nindhakake tradhisi ruwatan. Mula, mitos *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Jawa sajrone tradhisi ruwatan, saliyané bisa nggawa kabecikan uga bisa nggawa bebaya sajrone panguripane wong Jawa.

Daya Piguna Banyu Tuk Pitu ing Masyarakat Jawa

Wong Jawa nduweni maneka warna tradhisi lan budaya. Saperangan tradhisi Jawa ana kang nggunakake *Banyu Tuk Pitu*. *Banyu Tuk Pitu* digunakake masyarakat Jawa sajroning tradhisi-tradhisi Jawa kanggo sarana neng ritual kasebut. Jinising tradhisi kang nggunakake *Banyu Tuk Pitu* yaiku:

Tradisi Ruwatan

Salah sawijine tradhisi Jawa kang nggunakake *Banyu Tuk Pitu* yaiku tradhisi ruwatan. Ruwatan yaiku tradhisi Jawa kang nduweni guna ngresiki lan nyucekake jiwa raga saka dosa (sukerta). Kahanan tradhisi ruwatan saiki uwis kagiles karo jaman. Tradhisi kasebut lumrah ditindakake nalika wulan sura. Tradhisi ruwatan nduweni tujuwan kanggo mbuwang sukerta supaya slamet sajrone panguripane. Pethikan kaya ing ngisor iki.

“Air yang kita gunakan ini salah satu kelengkapan acara ritual ruwatan. Salah satu sarana saja. Karena untuk mensucine atau membersihkan pengaruh sesuker dari pengaruh sukerta yang ada diharapkan kembali menjadi suci. Dalam mengambil air di sumber-sumber mengandung maksud bahwa kita ini sebetulnya bersatu dengan alam. Kita bersatu dengan alam yang dimaksud adalah alam-alam yang mempunyai pengaruh daya hidup yang mempengaruhi kehidupan manusia cukup besar dibanding dengan sumur sumur biasa. Sehingga mencari ke sumber-sumber tertentu”. (Wawancara Sunjoto Trilaksono, 12 April 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut, banyu dadi piranti kang ora bisa dipisahake karo tradhisi ruwatan. Banyu sajrone tradhisi ruwatan minangka piranti kang utama. Banyu kasebut digunakake minangka piranti kanggo ngilangake pawongan saka sesuker utawa bala. Mula saka kuwi banyu-banyu kasebut dijupuk saka sumber kang nduweni kakuwatan kang beda tinimbang sumber liyane.

Tradhisi Siraman

Daya piguna *Banyu Tuk Pitu* ing tradhisi siraman manten tumrap masyarakat Jawa satemene padha karo tradhisi ruwatan. Siraman manten nduweni kekarapan supaya oleh barokah, diwenehi kalancaran lan kaslametan sajrone panguripan, mligini kanggo temanten kekaro. Andharan luwih cetha ana pethikan wawamrembug ing ngisor iki.

“Siraman itu kan dari kata siram wong Jawa ngarani adus. Siraman dilaksanakan biyasane sebelum ijab kobul. Wong Jawa ki nduweni makna nyapo kok dienekake siraman. Maknanya salah satunya itu supaya disucikake lahir dan batinnya besok. Kan wong sing arep dadi maten ki arep menghadapi hidup baru ta mbak. Hidup baru bersama suami engko enek neh bersama anak yang akan lahir. Baru ta wi.hehehe terus enek neh masalah-masalah baru yang datang. Pokoke serba baru yang jauh beda dengan sebelum menikah”. (wawancara Anik Supriyani 1 April 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut

nuduhakake yen *Banyu Tuk Pitu* bisa nyucekake jiwa lan raga. Saliyane kuwi, tujuwan siraman dikarepake supaya bisa seger pamikire anggane mbangun kaluwarga anyar. Banyu Tuk Pitu ing masyarakat Jawa mligine sajrone tradhisi siraman kanggo ngresiki jiwa lan ragane para calon manten, saengga madhep mantep mbangun omah utawa kaluwarga anyar. Bab kasebut wis dipercaya masyarakat wiwit biyen nganti saiki.

Wujud lan Makna Banyu Tuk Pitu ing Tradhisi Ruwatan

Wujud *Banyu Tuk Pitu* ing tradhisi ruwatan yaiku Pancuran Lanang, saka Segara Kidul, saka Sendhang Drajat ana ing Gunung Lawu, saka Sendhang Sumber Naga, saka Kresek, saka Sendhang Panguripan ing Kuncen Madiun, lan kang pungkasan saka sumur RRI.

Masyarakat Jawa kawentar minangka sawijining masyarakat kang seneng migunakake sawernane pralambang ing sajroning urip bebrayan. Pralambang-pralambang iki nduweni gegayutan kang rumaket tumrap panguripane masyarakat Jawa dhewe. Saka sawernane pralambang kang ana ing panguripane wong Jawa iku mau ana pralambang kang nggambarake panguripan lan simbol kasucen. Ngenani babagan iki dening masyarakat Jawa digambarake kanthi migunakake simbol banyu. Andharan luwih jangkep ing wawanrembug ngisor iki.

“Banyu yaiku simbol panguripan. Kabeh sing urip neng donya ora bakal bisa urip tanpa banyu. Saliyane iku banyu simbol kasucen”. (wawancara Supriyanto, 12 Januari 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut, simbol banyu iki minangka simbol panguripan lan simbol kasucen. Banyu dibutuhake kabeh makhluk kang urip ing donya. Manungsa, kewan, uga tanduran ora bisa urip tanpa banyu. Mula, banyu nduweni guna kang gedhe banget kanggo panguripan manungsa ing alam donya. Saliyane kuwi, yen disawang saliyané sejarah pranyata banyu uga nduweni piguna kang wigati. Andharan kasebut ditegesake pethikan ing ngisor iki.

“Dalam rialitas bagaimana manusia itu sangat membutuhkan air maka orang tradhisi dulu wong jaman biyen pasti dia bermukin membuat tempat tinggal di dekat sungai contone Majapahit, Kerajaan dekat dengan

Sungai Brantas. Surakarta kerajaan dekat dengan Bengawan Solo. Yogyakarta kerajaan dekat dengan sungai Gajah Wong. Wi mesthi pusat pusat pemerintahan mesthi cedhak air". (wawancara bapak Supriyanto)

Adhedhasar sejarah, banyu simbol panguripan bisa dibuktekake kanthi cetha. Saben bebrayan panguripane wong jaman biyen mesthi ana ing pinggir kali. Kayata Kerajaan Majapahit urip ing pinggire kali brantas, Kraton Surakarta uga ana pinggire kali Bengawan Solo, Kraton Yogyakarta uga ana ing pinggire kali Gajah Wong. Saliyane kuwi, uga akeh papan prasejarah kang ditemokake ing pinggire kali. Kaya dene papan Trinil ing Bengawan Solo.

Banyu *Banyu Tuk Pitu* minangka pralambang kanggo nyucekake rereged sajrone jiwa lan raga. Banyu kang asale saka pitung sumber kang nduweni kakuwatan luwih tinimbang banyu kang asale saka lumrahe sumur. Mula panggonane pitung sumber sajrone nggawe *Banyu Tuk Pitu* wigati banget. Bab kasebut minangka adhedhasar tradhisi ruwatan tansah nggunakake banyu tuk pitu kang asale saka pitung sumber.

Panemune Masyarakat Bab Banyu Tuk Pitu

Kahanan *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Jawa iki nduweni kalungguhan kang beda-beda sajrone panguripan masyarakate. Masyarakat nduweni panemu kang beda-beda. Kabeh mau mujudake yen masyarakat, mligine masyarakat Madiun ana kang percaya uga ana kang ora percaya tumrap kalungguhane *Banyu Tuk Pitu*.

Akeh seperangan bab kang ndadekake panemune masyarakat kang beda-beda. Bab kasebut kang dadi punjer tintingan sajrone panliten iki. Bab kasebut uga nuduhake yen masyarakat Madiun nduweni kapercayan kang maneka warna. Adhedhasar angket kang disebarake, panliti uga merangake panemune *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Jawa dadi patang perangan, yaiku (1) Mangerteni banget, (2) Mangerteni, (3) Rada mengerteni, (4) Ora mangerteni. Andharan kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Masyarakat kang Mangerteni Banget Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu

Makna simbolis iki mung bisa diandharake kanthi cetha dening pawongan-pawongan tartamtu. Adhedhasar asil angket

kang wis sumebar, telung angket utawa 6% pawongan kang mangerteni banget makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu*. Pawongan kasebut yaiku Bapak Supriyanto, Bapak Sunjoto Trilaksono, lan Mbah Bandi. Pawongann kasebut bisa mangerteni banget ngenani *Banyu Tuk Pitu* amarga minangka sesepuh sajrone adicara Ruwatan ing RRI Madiun. Mula pawongan kasebut didadekake minangka narasumber kang utama.

Masyarakat kang Mangerteni Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu

Panemune masyarakat Jawa Madiun pranyata isih ana kang mangerteni makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu*. Adhedhasar 50 angket kang wis kasebar, 23 angket utawa 46% pawongan utawa masyarakat kang mangerteni makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu*. Masyarakat kasebut nduweni pamikir yen anane *Banyu Tuk Pitu* nduweni piguna sajrone panguripane. Pamikiran kasebut adhedhasar prastawa kang wis kalampahan dening masyarakat Jawa.

Masyarakat kang Rada Mangerteni Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu

Panemune masyarakat kang rada mangerteni makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu* pranyata uga ana. Adhedhasar dhata 50 angket kang wis kasebar, 7 pawongan utawa 14% rada mangerteni makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu*. Rada mangertenine saperangan masyarakat ngenani *Banyu Tuk Pitu* amarga kaloro tradhisi kasebut jarang dianakake ing Madiun.

Masyarakat kang Ora Mangerteni Makna Simbolis Banyu Tuk Pitu

Panemune masyarakat kang ora mangerti makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu* pranyata uga ana. Adhedhasar dhata 20 angket kang wis kasebar, 17 pawongan utawa 34% ora mangerteni makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu*. Ora mangertenine saperangan masyarakat ngenani *Banyu Tuk Pitu* amarga kaloro tradhisi kasebut ora diyakini lan ora dipercaya.

PANUTUP

Dudutan

Mitos *Banyu Tuk Pitu* kang ana ing masyarakat Jawa minangka *proyeksi* yaiku yen banyu iku minangka piranti resesik awak. Banyu kasebut bisa nggawe saben-saben pawongan kang nandang sukerta, dadi diresiki utawa digawe suci kanthi cara tradhisi ruwatan lan siraman. Saka tradhisi kasebut, ing masyarakat Jawa mligine kang ana ing tlatah

Madiun kudu migunakake Banyu Tuk Pitu.

Banyu Tuk Pitu dipercaya masyarakat Jawa nduweni guna kanggo kasucenan. Saperangan masyarakat Jawa uga percaya bakal ana bebaya yen ora nggunakake banyu tuk pitu nalika nindakake tradhisi kasebut.

Banyu Tuk Pitu dadi salah sawijine piranti kang digunakake sajrone nindakake tradhisi ing masyarakat Jawa, kayata tradhisi siraman lan ruwatan. Anane Banyu Tuk Pitu digunakake sajroning tradisi kasebut, jalaran masyarakat Jawa percaya yen Banyu Tuk Pitu nduweni daya kang linuwih.

Banyu Tuk Pitu asale saka pitung panggonan yaiku saka Pancuran Lanang, saka Segara Kidul, saka Sendhang Drajat ana ing Gunung Lawu, saka Sendhang Sumber Naga, saka Kresek, saka Sendhang Panguripan ing Kuncen Madiun, lan kang pungkasan saka sumur RRI. Anane banyu iku asale kudu saka pitung sumber.

Cacah pitu ing *Banyu Tuk Pitu* nduweni makna bisa menehi pitulungan. Banjur asale banyu tuk pitu panggonane kudu beda-beda amarga saka saben-saben sumber banyu nduweni tujuwan lan makna kang dhewe-dhewe.

Pamrayoga

Gegayutan karo tata lakuning lan asile, panliten iki bakal diandharake pamrayoga kang gegayutan karo asiling panliten kaya ing ngisor iki :

Panliten iki nliiti bab makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu*. Data panliten dikumpulake saka panindak lan tumindak kabudayan ing masyarakat Jawa khusus tlatah Madiun. Mula saka iku, ora sakabehe data panliten kang ana gayutane karo banyu tuk pitu kang diandharake. Gayute karo bab iku, prelu ditindakake panliten kang luwih babagan ukara pamrayoga.

Asilining panliten iki punjere ngrembug babagan makna simbolis sajrone *Banyu Tuk Pitu* ing masyarakat Jawa tlatah Madiun. Mula saka iku, panliten iki bisa migunani kanggo pamaos. Semono uga panliten iki bisa digunakake kanggo ngrembakakake utawa nguri-nguri budaya Jawa.

Kanthi anane panliten iki, dikarepake bisa nuwuhake kesadaran masyarakat kanggo nguri-nguri kabudayan bangsa, mligine tradhisi-tradhisi kang isih nggunakake piranti *Banyu Tuk Pitu*.

DAFTAR PUSTAKA

- Ahimsa, Heddy Shri-Putra. 2012. *Strukturalisme Levi-Strauss Mitos dan Karya Sastra*. Yogyakarta: Kepel Press.
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*, Jakarta: PT Grafiti Pers.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: MedPress
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar studi Sastra Lisan*. Hiski: Komisariat Jawa Timur.
- Koentjaraningrat. 1977. *Metode-metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: PT Gramedia.
- _____. 1984. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*, Jakarta: Penerbit PT Gramedia.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Liyas, Mutholib, dan Ghofur Imam. 1988. *Aliran Kepercayaan dan Kebatinan Di Indonesia*. Surabaya: cv. Amin Surabaya.
- Maryaeni, 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*, Jakarta: Bumi Aksara.
- Poerwadarminto. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Riyanto, Yatim. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Surabaya: Unesa University Press.
- Soekanto, Soerjono. 1983. *Hukum Adat Indonesia*. Jakarta: Rajawali.
- Sudikan, setya Yuwan, 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unioress dab Cipta Wacana.
- Suwarni dan Sri Wahyu W. 2011. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Bintang Surabaya.

Sumber Internet.

http://respository.upi.edu/operator/upload/t_b_i_nd.078532_chapter2.pdf